

Fanm, Tibebe ak Timoun (WIC) Demand Konferans/Odyans San Pati Pri (Conference/Fair Hearing Request)

Pou kalifye pou WIC, ou dwe:

- Se:
 - yon fanm ansent,
 - yon fanm ki te akouche sis mwa de sa, pou pi plis.
 - yon manman k ap bay yon tibebe tete, e laj tibebe a pa depase ennan.
 - yon tibebe oswa timoun ki gen 5 an pou pi plis.
- Ap viv nan Eta New York;
- Gen yon salè ki nan nivo oswa anba limit gouvènman federal la etabli, oswa resevwa benefis koupon pou manje (SNAP), Medikèd, oswa asistans tanporè pou Fanmi nan Bezwèn (TANF);
- Gen yon bezwen medikal oswa nitrisyonè;
- Gen yon papye pou pwouve idantite li.

Si yo te rejte aplikasyon pou benefis yo oubyen yo te sispann benefis ou yo, ou ka mande yon reyinyon pou chanje (fè apèl) desizyon an. Reyinyon sa a rele yon konferans. Si pwoblèm lan pa rezoud pandan konferans la, ou gen dwa ak yon odyans san patipri. Yon odyans san patipri se yon chans pou w di yon jij poukisa w panse desizyon an pa kòrèk.

Konferans

Oumenm, oswa yon moun k ap pale pou ou, ka mande (an pèsòn oswa alekri) yon konferans ak ajans lokal WIC la. Yo dwe mande odyans lan sèt jou apati dat yo te rejte aplikasyon w lan oubyen lè yo te di w benefis ou yo ap sispann lan. Si w pa fè demann lan nan dèle sèt jou a, w ap pèdi chans pou w genyen yon konferans.

Apre w fin fè demand lan, ajans lokal WOIC la pral fè w konnen dat la, lè, ak adrès pou konferans la. Oumenm, oswa moun k ap pale pou ou a, ka rakonte vèsyon pa w nan konferans la. Moun k ap pale pou ou a, ka se yon fanmi, zanmi, avoka oswa yon lòt moun. Konferans la dwe fèt nan yon delè dis jou apre rekèt la.

Nan konferans la, ou ka mande poukisa aplikasyon w lan te rejte, oswa poukisa benefis yo te sispann. Ou ka mande pou wè enfòmasyon nan dosye w la. Epi ou ka pote enfòmasyon pou montre desizyon ajans la pa kòrèk.

Odyans san Patipri

Oumenm, oswa yon moun k ap pale pou ou, ka mande (an pèsòn oswa alekri) pou yon odyans san patipri. Yo dwe mande odyans lan 60 jou apati dat yo te rejte aplikasyon w lan oubyen lè yo te di w benefis ou yo ap sispann lan. Si w pa fè demann lan nan dèle 60 jou a, w ap pèdi chans pou w genyen yon odyans san patipri.

Yon peryòd sètifikasyon se kantite tan ou te pral jwenn benefis WIC yo. Si yo sispann benefis ou yo nan mitan peryòd sètifikasyon an epi ou mande yon odyans nan 15 jou, benefis WIC ou yo ap kontinye jiskaske yo bay rezulta odyans lan, oswa jis nan fen peryòd sètifikasyon an, selon sa ki rive anvan an.

Mande yon odyans nan ajans WIC ki nan zòn ou an (anplwaye yo ap ede w) oswa kontakte Pwogram WIC NYS lan.

kourye: WIC Program Director
NYSDOH, Riverview Center
Room 650, 150 Broadway,
Albany, NY 12204

Telefòn: (518) 402-7093;
Faks (518) 402-7348; oswa
imèl: NYSWIC@HEALTH.NY.GOV

Yo pral voye ba ou dat la, lè, ak adrès pou odyans lan. Yon jij enpasyal pral responsab odyans lan. Jij la pral deside si desizyon pou rejte aplikasyon w lan oswa sispann benefis WIC ou yo te kòrèk. Oumenm, oswa moun ka p pale pou ou a, ka bay vèsyon pa w nan odyans lan. Moun kap pale pou ou a, ka se yon fanmi, zanmi, avoka oswa yon lòt moun.

Avan ak pandan odyans lan, oumenm oswa moun k ap pale pou ou a, ka analize enfòmasyon ki montre pou kisa yo te pran desizyon an kont ou. Pandan odiyans lan, ou ka pale, mennen temwen ak evidans, kesyone oswa pwouve sa ou tandé oswa wè ki fo, epi kesyone temwen yo. Odyans lan pral fèt an Anglè. Si ou bezwen yon entèprèt, yo prèv mete youn disponib pou ou gratis si ou mande Depatman an omwen dis jou avan odyans lan. Si ou pa ale nan odyans lan, ni an pèsòn ni pa yon avoka, ou pral pèdi dwa ou genyen pou yon odyans.

Pou enfòmasyon adisyonèl, ale nan 7 CFR § 246.7; 7 CFR § 246.9; 10 CRR-NY 60-1.1 rive 1.6; Mànayèl Pwogram WIC NYS #1047, #1100, #1130, #1136.

Fanm, Tibebe ak Timoun (WIC) Demand Konferans/Odyans San patipri (Fair Hearing Request)

Si yo te rejte aplikasyon w te fè pou benefis yo, oubyen yo te sispann benefis ou yo, ou gen dwa a yon odyans san patipri. Yon odyans san patipri se yon chans pou w di yon jij poukisa w panse desizyon an pa kòrèk. Yo dwe mande odyans lan 60 jou apati dat yo te rejte aplikasyon w lan oubyen lè yo te di w benefis ou yo ap sispann lan. Si w pa fè demann lan nan dèle 60 jou a, w ap pèdi chans pou w genyen yon odyans san patipri,

Yon peryòd sètifikasyon se kantite tan ou te pral jwenn benefis WIC yo. Si yo sispann benefis ou yo nan mitan peryòd sètifikasyon an epi ou mande yon odyans nan 15 jou, benefis WIC ou yo ap kontinye jiskaske yo bay rezulta odyans lan, oswa jis nan fen peryòd sètifikasyon an, selon sa ki rive anvan an.

Mande yon odyans nan ajans WIC ki nan zòn ou an (anplwaye yo ap ede w) oswa kontakte Pwogram WIC NYS lan.

kourye: WIC Program Director
NYSDOH, Riverview Center
Room 650, 150 Broadway
Albany, NY 12204

Telefòn: (518) 402-7093;
Faks (518) 402-7348; oswa
imèl: NYSWIC@HEALTH.NY.GOV

Tanpri konplete enfòmasyon ki pi ba a

Dat _____

Ekri Non Aplikan/Patisipan _____

Adrès _____ WIC ID # (si sa aplikab) _____

Telefòn: () - _____

Non Ajans Lokal _____

Adrès _____ Telefòn: () - _____

Rezon pou demann Odyans lan (Opsyonèl) _____

Annakò avèk lalwa Federal sou dwa sivil ak prensip ak règ dwa sivil Depatman Agrikilti Etazini (USDA), li entèdi pou USDA, ajans li, biwo ak anplwaye li yo epi enstisyon k ap patisipe oubyen administre pwogram USDA yo fè diskriminasyon ki base sou ras, koulè, peyi, sèks, andikap, laj, oswa reprezay pou aktivité dwa sivil ki te konn fèt anvan nan nenpòt pwogram oswa aktívite USDA te ôganize oubyen finanse.

Moun andikape ki bezwen mwayen komunikasyon altènatif pou enfòmasyon sou pwogram lan (tankou Bray, empresyon an gwo karaktè, odyo, Langaj Siy Ameriken, elatriye) dwe kontakte ajans (lokal oswa eta a) kote yo te aplike pou benefis yo. Moun ki soud, ki tandé di oswa ki pa kapab pale kapab kontakte USDA atravè Sèvis Relè Federal nan (800) 877-8339. An plis, enfòmasyon sou pwogram la kapab disponib nan lòt lang apa anglè.

Pou fè yon plent kont diskriminasyon nan pwogram la, ranpli Fòmilè Plent kont Diskriminasyon Pwogram USDA, (AD-3027) anliy nan: http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, epi nan nenpòt biwo USDA oubyen ekri yon lèt, voye l nan USDA epi mete nan lèt la tout enfòmasyon yo mande nan fòmilè a. Pou mande yon kopi Fòmilè plent la, rele nan (866) 632-9992. Voye fòmilè w byen ranpli oswa lèt ou nan USDA pa:

kourye: U.S. Department of Agriculture (Depatman Agrikilti Ameriken),
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights (Biwo Asistan Sekretè pou zafè Dwa Sivil),
1400 Independence Avenue, SW
Washington D.C. 20250-9410;

Faks (202) 690-7442; oswa

imèl: program.intake@usda.gov.

Enstitisyon sa bay tout moun menm chans lan.